

#ItsNoJokeMDCPS

SIY AVÈTISMAN AK KONPÒTMAN KI ENKYETAN

- Yon moun ki kenbe yon distans sosyal ki pa nòmal oswa ki izole tèt yo lwen kamarad ak manm fanmi yo
- Yon moun ki jantiy e pozitif ki montre yon konpòtman sonb oswa deprime
- Kriz kolè vèbal oswa fizik ki agresif ki pa fè sans
- Ogmantasyon nan nivo ajitasyon, fristrasyon ak kòlè
- Yon konpòtman agresif, renmen akize, oswa blame moun
- Devlope yon enterè dwòl oswa yon fasinasyon pou zam
- Yon obsesyon sou vyolans kòm yon mwayen pou adrese yon doleyans.
- Agresyon sou animal

**POU PLIS ENFÒMASYON,
TANPRI KONTAKTE :**
Liy Asistans Sante Mantal pou Paran
(305) 995-7100

Depatman Polis Lekòl Miami-Dade
(305) 995-C.O.P.S. (2677)




FORTIFYFL

APLIKASYON POU RAPÒTE AKTIVITE SISPÈK

**MONTRE W ENTELIJAN.
POSTE BAGAY KI POZITIF.
SE AVNI PITIT OU.**

ESKANE LA
POU APRANN PLIS



MENAS YO:

- Menas – kit se yon menas ki reyèl oswa yon menas yo fè kòm yon jwèt – li mande pou nou mobilize anpil resous enpòtan, ki kapab mete lavi moun an danje epi souvan ki gen konsekans grav ki ka chanje lavi pou moun ki fè menas la.
- Nou konsidere kòm yon krim federal menm yon menas yon moun fè an jwèt kont yon lekòl oswa yon andwa piblik.
- N ap pouswiv moun ki fè menas yo nan tout limit lalwa a. Sa ka vin yon krim grav ki ka lakòz yon pinisyon jiska senk ane nan prizon.
- Fè pitit ou yo sonje pou yo reflechi anvan yo aji. Fè yon menas, kit li reyèl oswa jwèt, gen konsekans alon tèm ki ka gen enpak sou AVNI PITIT OU!

